

# POESA-KA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

## JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT.

J. KATS. M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT, — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d. k. Juni f 3.—  
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . 0.30  
 Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja . . . 20.—  
 Satengah katja . . . f 12½, Saparapat katja . . . . 7.50  
 dina sakali kaloeear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

### Eusina P. S. No. 1.

1. Sasakala . . . . .	katja 1
2. Panaloengtik kaajaan oerang Djawa djaman koena . . . . .	9
3. Toemaros . . . . .	13
4. Ngadjadjah tanah Pasoendan . . . . .	13
Baheula . . . . .	16

### Sasakala.

Oepami oerang ngadangoe sepoeh anoe sur ngadadar loeangna tina tjarita-tjarita sasakala, atawa papajan bagbagan babad

hidji-hidji tempat, geura na aja asa enja asa èbrèh nepi ka djourodjoj pertjaja, geus moal gagal jèn kitoe, tjeuk dina panjangka panjeta hatè tèh.

Oepadi oepami ngadangoe dongèng sasakala, anoe madjar nètèlakeun sabab-sababna pang di Anoe aja tempat Anoe katoet ngaranna, kitoe, aja anoe kieu tèa, geus asa teu matak tjangtjaja, da koe anoe kagoengan tjarita ditoedoehkeun boektina; tah goenoengna, tah talagana, toeh sitoena, ieu dajeuhna, èta oeroetna, enja, siga, pantes pisan; koemaha teu rèk diandelna koe oerang, oepama oerangna salantjar mah. Geura mangga dangoekeun sepoeh anoe keur ngadadar lalakon Sang Koeriang, Dajang Soembi djeung Si Toemang tèa, asa enja naker èta tèh di Bandeng, tina ningal G. Tangkoeban-Parahoe

siga pisan parahoe nangkoeb, beunang mapas ngan kari malikkeun; atoeh pisitoe-eunana njá tanah padataran Bandoeng, kalioeng koe goenoeng noe bakal djadi tambakan; toeroeg toeroeg di Tegal-loear, ari ti peuting téh raang pating aroenjaj koenang-koenang, sasakala anoe keur ngo-boran lèlèpèn Nji Poetri, ragrag basana keur dioedag-oedag koe Sang Koeriang tèa, tjenah. Enja, siga!

Geura koemaha teu matak pageuh kana hajang mertjaja, da poegoeh sakitoe djèn-tréna! Malah teu koerang anoe noeding, sapalih mah aja anoe teu euleum-euleum ngangken jén toeroenan ti Sang Koeriang, poegoeh tjom-tjoranana madjar téh. Tam-polana dipaké pamojokan ka Soenda ..... Tapi, éta anoe bieu geus dienjakeun koe oerang, sarta satadina tempatna ogé tepi ka diseboet patilasan tèa, engké dimana oerang geus liar ka tempat lian, atawa geus matja loeang-loeangna para boedjangga, geura djol baè kedal: „Iih! Naha? Naha bet di deungeun ogé saroea djeung di aing?”

Tah, ana geus oeninga jén kitoe papajanana, si manahorèng sasakala mah, lain ngan di oerang baè ajana, lain ngan di satempat baè. Ana geus aja loeang éta toengtoengna téh bakal diseng-gakan koe: „Euh, paingan! Koetan kitoe!”

Geura mangga talèngtèng sasakala Ra-wa Dano di Banten, bet sami pisan sareng lalakon Sangkoeriang tèa, sami pisan sareng sasakala bangsa Kalang di Djawa, sareng sasakala-sasakala di patempatan sanès, pada kitoe papajanana, teu aja bë-dana sa anoe oerang tèa baè.

Geura oepama koe oerang ditjoektroek dihaben didjoedjoet raratanana sadaja tjarita-tjarita poesaka di oerang, boh anoe aja dina sasakala, boh anoe geus dipadjar-keun babad tèa, engké kaoeninga jén éta lalakon-lalakon téh teu ingkar tina oege-ran, enasna tjarita geus aja patokanana, ngan kari mapae-san nambahan sosom-pangna, masieup reudjeung njoesoeroep kamana ngeunteupkeunana, ngarah siga asa enja.

Kawasna ari anoe djadi loeloegoe mak-soed anoe kagoengan pokal mah, taja lian

ngan piwoelang, siloka oedageun oerang, pikeun eunteung noe pandeuri, oege-eran pipadomaneun. Kantoen oerang noe ngoendangan, masing telik asak sasar, oelah arèk kapidangoeng, ngaenjakeun kana gelarna tjarita, milain ka asalna tadi.

Geura mangga roetjat tjarita Tjioeng Wanara, Loetoeng Kasaroeng, Dajang Soembi sareng sadjabi ti éta ladjeng dibanding-banding sareng dongèngna ta-tangga oerang, oerang Djawa oerang Bali, oerang Malajoe, toeloej seser ka-poe-hoena madjoe ngoelon ka Hindoestan, tangtos engké kaoeninga koemaha asal-moeasalna, naon noe djadi pokò patokanana. Tjoektroekan éta, goena geusan ngalajeutkeun, sangkan timboel rasa toenggal, oelah todjaiah pasalingsingan harti, anoe matak ngarenggangkeun pasanakan.

Dina tjarita Tjioeng Wanara ka-oengel kanagan anoe eusi orok tèa dipalidkeun ka waloengan.

Lebah dieu rëa kolot noe patelak, tjeuk sawarèh dipalidkeun ka Tjitandoej, ari tjeuk sawareh deui: „Ih, lain ka Tjitandoej, tapi ka Tji-taroem, toeh di Oedjoeng Karawang njang-sangna, kana badodon Aki Balangantrang Nini Balangantrang!”

Tah geuning geus paakoe-akoe, madjar batoer anoe salah, tina asa asa enja tèa, teu oeninga sadaja na ogé oekoer tjarita. Toengtoengna ngan mareboetkeun oenèn-oenèn, teu miroseà kana enasna noe enja téa.

Oepama koe oerang didjoedjoet, tjarita Tjioeng Wanara téh, tètèla tjoetatan tina papagon lalakon kieu:

1. Radja ngadodja adjar goena wisèsa.
2. Garwa Radja kalepasan djoerig, toeloej bobot. Radja kagoengan sangka poetra anoe keur dina weweten-ghan bakal ngalindih. Panganiajana nos djadi maroe, tèga ka poetra ka-walon.
3. Baji dipalidkeun njangsang dina ta-taheunan.
4. Anoe boga tataheunan ngimpi aloes. Manggih orok.

5. Nini-nini doemadak njeungseung pi-nareup,  
Moerangkalih hajang oeninga di rama.
7. Rama tjilaka koe poetra.  
Kitoe pokona anoe djadi loeloegoe tjarita. Ieu tjarita kieu tèh, sanès di oerang baè goemelarna, tapi di mana-mana, sapapagon saroentoejan ngan papaès anoe henteu satotos tèh. Di Soenda aja, di Djawa aja, u Malajoe aja, malah di Hindoe ogè aja, kènèh, bédjana.
8. Ajeuna aja deui lalakon Loetoeng Kasaroeng, anoe diangken djadi babad di Soenda, dipadjarkeun poegoeh paèsanana poe-eh roendajanana. Malah di Poerwokerto tèh rèa anoe ngangken nembe toedjoeh toeroenan ti Loetoeng Kasaroeng, sareng edoehkeun aja sadaja patilasanana, parkeun poegoeh boektina.
9. Nanging geura mangga angkat ka Lombok. Tjeuk oerang Lombok. „Ih, èta mah sakala kitoe, atoeh karoehoen oerang Lombok, lain anoe oerang Soenda, da di mombok ajana, di Lombok baheula loengsoerna, èta anoe mindah warna rèk igilari pigarwaeun tèh, di Lombok meungna poetri boengsue ogè.
10. Ngan di Lombok mah lain kana Loetoeng Kasaroeng, loemoengsoerna tèh minih roepa kana djadi monjet, mana kalan na ogè diseboet: Toetoer-monjèt.
11. Ari tjeuk oerang Menado?: Is, èta mah neloehoer oerang Menado, lain anoe oeing Bali, lain anoe oerang Soenda, lain anoe Djawa, da di Menado ajana, di Menalo baheula anoe kadadian kitoe tèh, ngan di ditoé mah henteu mangroepa loeng loemoengsoerna ti Kahiangan tèh Jerang Djawa oelah akoe-akoe angga ....
12. Tjeuk oerang ..... aja deui manawi unpat sèdjèn anoe pada miboga tjarita oesaka kitoe, moal boa anggapanana ogè i tjara di oerang tèa baè.
13. Toeh, apan matak patelak djeung ki sak, oepama pakeukeuh-keukeuh teu daék h èlèdan mah, da ari enjana mah tja-a sapalajangan asal ti sahoeloe-wotan.
14. Ari pokona èta tjarita Loetoeng Kasaroeng tèh moen diringkeskeun, nja lajeut djeung di deungeun tèa, kieu: Radja kagoengan poetra istri toedjoeh.
15. Poetri boengsue pangyeulisha, panghadè hatèna, pang sabarna, pangprahatinna.  
(Ieu patokan sadaja dongeng, poetri boengsue anoe djadi lalakon).
16. Poetri boengsue dikaniaja koe sadèrèk. Poetri boengsue ditoendoeng ti karaton. Poetri boengsue kasangsara.
17. Dèwata ti Kahiangan mindah warna loemoengsoer ka Pantja tengah rèk nèangan pigarwaeun.
18. Dèwata noe keur njamoer ditampilk koe poetri karaton, ditampa koe Poetri boengsue.
19. Oerang Kahiangan miwoelang roepa-roepa elmoe loengsoer ka Martja-pada.
20. Ngadoekeun djadjaten.
21. Poetri boengsue didjait tina kalaraan.
22. Poetri boengsue djadi radja, nibakeun wawales ka noe telenges.

Tah kitoe kinten-kinten anoe djadi galor pakenna mah.

Ari lalakon dina dongèng-donèng anoe sèdjèn, lian ti Nji Poetri boengsue anoe disangsara koe Nji Lantjeuk, aja deui anoe pokona kieu:

1. Anoe miskin kasangsara, boga anak kabalangsak.
2. Anak noe miskin meunang djimat, biasana lantaran ti sasatoan tina pil-toedoeh, tatapa dj. s.t.
3. Si Miskin djadi sakti, nanjaan ka poetri poetra Radja.
4. Si Miskin nembongkeun djadjatèn.
5. Si Miskin djadi radja.

Nja henteu satjèrèwèlèna pisan, hidjihidjina dongèng anggitan tèh aja ogè njimpangna sok aja tambahna, tapi teu pati tebih tina poehoena.

Ari sasakala Sangkoeriang kieu ringkesna:

1. Radja boeboedjeng ka leuweung, kahampangan.
2. Bagong anoe nginoem tjikahampangan tèa toeloej reuneuh. Ngadjoeroe anakna poetri.
3. Nji Poetri saloeloet djeung andjing poetraan pameget.
4. Poetra maèhan andjing atawa maèhan bagong tèa.

5. Poetra ditoendoeng, aja tjèda tapak nakol dina mastaka. Poetra ngalalana djadi sakti.
6. Poetra kapintjoet koe iboe. (Aja anoe koengsi saloeloet djeung iboe, nepi ka poopoetra, aja anoe henteu).
7. Iboe pangling ka poetra. Iboe ningali tjèda dina mastaka poetra.
8. Iboe moendoet tandjakan, moendoet sitoe keur lalajaran sing anggeus sa-peuting.
9. Koe tarèkah iboe, anoe keur nambak asa kasiangan, teu koengsi djadi salaki.

Tah kitoe ringkesna anoe djadi galoe  
mah.

Lalakon Sangkoeriang moal didadar deui di dieu, ngan perløe kaoeninga sa-sakalana Tjisanggaroeng wates Tjirebon djeung Tegal, anoe sami pisan sareng sa-sakala Bandoeng, ngan bënten ngaran baë woengkoel, nja èta pisaksieun anoe parantos didadar di loehoer tèa.

Kieu sasakalana.

Katjarioskeun alam Galoeh ngadeg karadjaan, anoe djoemeneng Adji kakasihna Praboe Moending Kawati, radja adil palamarta kawentar towèksa ka noe ti handap, asih ka djalma noe leutik. Dina hidji mangsa Kangdjeng Radja ngersakeun boeboedjeng ka leuweung diiring koe para mantri ponggawa, sakalian bari badè soekan-soekan matjangkrama, njandak gamelan djeung najagana sagala, geus komo deui ari katoeangan-katoeangan mah mang poeloeh-poeloeh dongdang, djabba sampakan pamoepoendoetan.

Nanging anèh pisan di pamoroan anoe sasari oentjal sok rajap, banteng katembong naloenggiring, rendang kidang di boeboelak, harita mah noedjoe soewoeng henteu mendak peutjang-peutjang atjan. Legig rawoeh toekang ngilang loegah-li-geuh tanpa polah, pamatang pating haroe-leng, paninggaran batu rahoeh hoeman-deuar, rèh weléh teu pisan ningal oeda-geun. Kangdjeng Radja nitih koeda oebek-oebekan di leuweung nanging teu ningali oentjal sasab-sasab atjan. Barang keur moedoen ka papanggoengan dina lamping hojong kahampangan, loengsoer tina koe-

da bëh mendak doewegan geus kosong, ka-was oeroet paninggaran.

Panganggoeran kahampanganana ditandean koe doewegan tèa.

Anoe moro teu lami ladjeng boebar, Kangdjeng Radja moelih ka nagara.

Katjarioskeun doewegan anoe eusi tji-kahampangan tèh kapendak koe bagong bikang ngaranna Tjèlèng-goemaloeng. Koe margi tadi mentas diboeboerak diaroedag-oedag koe pamatang noe kabarangsang moerang-marèng pèdah teu meunang oentjal, manèhna katjida hanaangna, toe-hoereun tikoro bawaning koe hajang nginoem, ajeuna bëh manggih doewegan, atoeh teu kira-kira boengahna, geuwat baë diinoem nepi ka bèak pisan.

Kersa Déwa Noe Kawasa, Nji Tjèlèng goemaloeng ngandeg, sarta barang tepi ka waktoena borosot ngadjeroe, anakna teu ngala ka indoeng, ieu mah babaji boedak awèwè geulis lain loeloemajanan.

Nji Tjèlèng-goemaloeng boengah tanpa wilangan ningal anak mangroepa manoesa, toer sakitoe geulisna, nganoehoenkeun kana kersana noe Maha Koewasa.

Waktoe èta moerangkalih dibabarkeun, ti Kahijangan loemoengsoer para Widadari, badè ngarasanan noe nembe gelar ka doenja, metakeun talari pamoelasara baji. Malah saladjengna ogè tepi ka moerangkalih joeswa 7 taoen teu anggang ti pangaping para Widadari tea; nji Poetri didjenengnanan Dèwi Sepirasa.

Barang Nji Poetri geus ageung, sering hoeleng djentoel bangoen aja kabingoeng aja anoe dimanahan. Nji Tjèlèng-goemaloeng teu ngeunah rasa ningal poetra siga noe ngandoeng kabingoeng, ènggalna koe manèhna ditaros: „Eulis, koe naon eulis tèh sok hoelang-hoeleng kawas-kawas aja kasoesah? Di deuleu-deuleukeunana koe ema, bet henteu bérang tjara sasari, ajeuna mah ari braj beurang tèh bet sok moeroe-koesoenoë teu hègar tjara biasa. Hojong toeang naon eulis tèh, keun koe ema dipangalakeun!”

Nji Poetri Sepirasa ngawalon ka iboena: „Hih, lain aja kahajang ema! Saterangna mah enja koe koering tèh aja a-noe eukeur dipikiran. Èta ema, koering

tèh mikiran manèh, teu ngarti naka koerring tèh anak saha, da diseboet anak ema, moal enja, da kapan ema mah bagong, ari koering mah djelema; ari diseboet lain anak ema, moal deui, da ema sakitoe njahna ka koering, djeung boekti koering aja di dieu. Tah koemaha èta tèh ema anoe saenjana, koering tèh anak saha?"

Nji Tjèlèng-goemaloeng njoeroetjoed ttipanonna ngoepingkeun kasaoeran Nji Poetri kitoe tèh, tina geus aja kereteg ilapat pasihan Dèwa, jèn èta tèh tangara bakal pisah djeung noe dipiasih. Tapi tina ngambangkeun kersana anoe Kawasa, njia paralak baè koe Nji Tjèlèng-goemaloeng ditjarioskeun ti poerwa wiwitanana jèn kersaning Dèwa noe Agoeng, manèhna koedoe nekanan medalkeun poetra kamanoesan djalan tina nginoem tjai eusi doe-wegan tèa.

Barang Nji Poetri ngadangoekeun toe-toeran iboena kitoe, sarta oeninga jèn andjeunna poetra Radja, maksa amit hojong ngadeuheus ka rama, arèk masrahkeun salira.

Tjèlèng-goemaloeng teu bisa ngorètkeun, djoeng Nji Poetri ka nagara, doemeuhheus ka Kangdjeng Pereboe, sarta oendjoekan sakoemaha anoe parantos kadangoe koe andjeunna ti iboena tèa.

Koe Kangdjeng Radja henteu disieuhkeun, tina èmoet kana anoe parantos kasorang, ngambangkeun papantjèn kersaning Dèwa. Nji Sepirasa dipasrahkeun koe Kangdjeng Radja ka iboena, soepados dirorok di karaton, nampi woelang di kapoe-trèn.

Iboena, sadjeroning nampi pamoendoet poetra tèh, melengek manahna teu sapoek, ngaraos lingsem tepi ka dedah ngangken poetoean ti tjèlèng.

Koe margi èta teu welèh ngageremet ngilari pidjalaneun soepaja Nji Sepirasa ingkah ti nagara. Kaleresan oesoem page-boeg, geuwat Radja Istri sepoeh njarios ka Kangdjeng Preboe jèn pang rèa anoe gering tèh perbawa Nji Sepirasa, malah ditambah saoer karinah, ditjarioskeun jèn awèwè noe kitoe pandèna kitoe adeg-pangadegna, mawa sangar ka nagara, matak roentag pangawasa.

Kangdjeng Radja toemoet kana dawoeh Iboe, Nji Sepirasa kedah dikaloearkeun ti nagara, dipitjeun ka leuweung Simpar.

Patih anoe parantos nampi dawoeh Ratoe, kedah mitjeun Nji Sepirasa ka leuweung, sarta dibahanan pihanèan, pame-tengan, kintjir, oendar, pakara sapoeratina, katoet kagedogan-gedoganana. Koe Patih Nji Sepirasa dipanjieunkeun babakan nenggang makè papanggoengan paninnoenan di tengah leuweung loewang-liwoeng.

Nalika badè dikantoen koe Patih, Nji Sepirasa nangis sasambat moendoet pirèntjangeun, tina geus kaerong sakoemaha pikeueungeunana, moen andjeunna noeng-gelis njalira di anoe sakitoe hara-haraeu-nana.

Koe margi Patih teu wantoen ngarempak timbalan K. Radja, ari ka Poetri watir njatjap, nja sok baè dipaparin andjing kakasilh anoe itjeus pisan, boeloena beureum rada galing gilap hèrang, lètahna hideung, boga kasiat dina mata, nja èta moen patèndjo djeung sato anoe keur diboro, sok matak ngadadak paor; ari ngaranna Si Belangwajoengjang.

Oenggal poè teu aja deui damelna Nji Sepirasa di Babakan nenggang tèh isoeki-soek ngantèh atawa mihanè, ari pabeu-beurang ngentreung baè ninoen di papanggoengan.

Dina hidji mangsa keur meudjeuhna panas mentrang-mentring, Nji Poetri ngarasa lesoe loengsè djeung tareunangan, tapi maksakeun andjeun baè ari ninoen mah tina keur kakapalangna. Barang mentas diketèk barèra ngorolok kana rorogan, djingdjingan enggeus didjoengdjoeng, bellesat toropong nganteuran pakan, milepas teu katampanan, keplos malebahan tjong-gang, tjilik moerag ti papanggoengan.

Nji Poetri ngarahoe, hoemandeuar ngoedar tali tjaor, dajagdag ngalahoen tinenoen, ngarasoela keda lisan: „Hih, aja-aja baè keur sakieu lalesoe laloengsèna tèh hajoh toropong makè tikeplos ka kolong. Eh, da tjetjak moen aja anoe ha'at mangnjokotkeun, keur sakieu narahnajna mah, moen lalaki dipisalaki, moen awèwè dipidoeloer tèh, saenjana!"

Si Belang-wajoengjang anoe kabeneran harita keur ngalohèr deukeut tihang papanggoengan, dadak sakala tjoering-hak geuwat ngorèdjat, ngadèngè aja basa: „moen lalaki dipisalaki”; henteu dieng-kèkeun deui, kop baè toropong tèh ditjokot, kalatjat menéhna oenggah kana taradjè, sok toropong digolérkeun di gedengeun Nji Poetri.

Barang rêt katingai koe Nji Sepirasa, Si Belang wajoengjang njoderkeun toropong, boengah kasawoer koe reuwas, pok sasaoeran: „Aèh, koetan sia Belang, anoe hideng mangnjokotkeun toropong aing tèh! Soekoer, djig ka ditoe geura toeroen deui!”

Tapi Si Belang Wajoengjang welèh teu daèkeun toeroen, disi-si disina njingkah kalah koepat-kepot boentoetna, anggoer nagog tjampego melong Nji Poetri.

Koe Nji Sepirasa nja lila-lila mah teu dipirosèa sarta tina teu kawawa koe nah-naj, toeroeg toeroeg datang toendoeh ngadak-ngadak, gelèhè baè andjeunna èbog deukeut tinoenan tèa.

Barang kanjahoan koe Si Belang wajoengjang Nji Poetri geus koelem, nja manèhna nagih djandji lisan noe geus kedal tèa.

Sepirasa reuwas korèdjat goegah. Si Belang wajoengjang digeboeg koe barèra, datangka ngadjoprak getih oelawèran, teu bisaeun hoedang deui.

Nji Poetri ningali Si Belang arèk sakarat, tjileuk-tjileuk kitjeup matana nandang kanjeri, ngahelas manahna watir, ras èmoet kana takdir salira, geus karsana noe Kawasa, geuwat andjeunna njandak tjai pangelas tinoen, tjoer di bandjoerkan ka Si Belang.

Harita kènèh tjèrgtjèg baè Si Belang Wajoengjang waloeja deui.

Teu lami antawisna ti harita Nji Sepirasa ngandeg, sarta barang geus dongkap kana boelanna, goebrag babar poetrana pameget, moeloes taja koetjiwana, dipaparin djenengan koe iboena: Radèn Soewangrasa.

Moerangkalih morontod tèréh ageung karesepna kana moro, ngalalawak atawa ngandjingan, Si Belang wajoengjang teu-

ing koe poereut, oentjal ranggah tèh ngan sagawawak-sagawawak.

Sato leueweung mèh toempoer tina poe-roegna Ki Paninggaran, kabiroejoengan koe bangènna perbawa andjing.

Dina hidji mangsa maoeng bantèng dadak oentjal, poegoeh deui ari peutjang djeung mentjek mah, sèsa si Belang wajoengjang tèa, koempoelan pada narèangan tarèkah, sangkan bisa njirnakeun mamala, maèhan si Belang wajoengjang

Sato anoe galedè geus ngabocentoet bangkong, teu oentoepan ngalawan anoe sakitoe digdjajana, ngan aja hidji peusing anoe boga hodjah, sanggoep metakeun akal meunangkeun si Belang, sok moen manèhna didjadikeun radja, engkè dimana geus laksana tarèkahna.

Pamènta peusing karempoegan koe sarèèa, jèn bakal didjenengkeun radja leueweung, nadjan saenjana koe noe lian pada njatjampah, jèn taja petana sato kitoe oedeg bisa meunangkeun anoe gagah perkosa.

Ti peutingna peusing tèh ngaliang deukeut tihang papanggoengan Poetri, bari oelak-elok ngagagalak si Belang.

Andjing tèh ningal sato sakitoe sarakahna, makè los-los ka lebah dinjá, hariwangeun pisan, aja timboeroe bisi djeung bisi, inggis aja matakna ka anak rabina.

Koe sabab èta dihaben digogogan, sapeuting djepoet teu eureun-eureun; ari rèk dikerekéb teu beunang, kawantoe di dje-ro liang.

Isoekna Radèn Soewangrasa goegah, rada bendoe ka Si Wajoengjang pèdah manting teu aja reureuhna, teu poegoeh anoe dipanting. Kowoewoeh-woewoeh ari djoeng badè ditjandak moro, andjing tèh kalèkèd naker njarèang baè ka toekang malah seuseut daèk, moen teu digoesoer mah. Di pamoroan teu soson-soson tjara biasa, manting teu kaoer ngorèlèng malik ka toekang. Atoch anoe moro tèh njamos da andjing njoesoedna teu kebat.

Tina bendoena teu antaparah deui habek baè Si Wajoengjang ditilas koe pedang paèh pada sapisan. Tamba moelih lengoh isin koe iboe, andjing tèh ditjandak atina dipagarkeun ati mentjèk, disanggakeun

ka iboena, sina diolahkeun sakoemaha bisaga.

Sanggeus kaolahan asak, brak taroeang barang iboena, keur noeariq ati tèa, koe poetrana ditaros raos henteuna.

Saoer iboena: „Poegoeh baè ngeunah manah, poelen naker!”

Saoer poetrana: „Poelen meureun, hen- en meureun, da ati si Belang wajoeng- ang!”

Iboena ngadangoe kasaoeran poetrana itoe, ngagebeg lain dikiuna, reg lirèn xeangna, geuwat laoek anoe keur ditoeang dioetahkeun deui, pameunteu reup geueuk raj pias, bendoe ngagoedoeg-goedoeg, urta teu antaparah beletok baè mastaka poetrana diketrok koe sindoek lebah emen-emboenanana, datang ka boloboran etih. Bari saoerna: „Moen teu njaho, kitoe-kitoe sotéh, èta tèh bapa manèh!”

Raden Soewangrasa teu rèa saoer deui na ngaraos wirang, teu moenasabah ti noe rëa, boga bapa andjing, lèos baè angkat sakaparan-paran, magoenoengan miweungan. Damelna di oenggal noe saiget ngarereb, ngagajoeh para siloeman, iambat ka para dedemit. Njatjapkeun ngadjak manah, nja mapaj para panta goegoeroe moepoeri èlmoe adji sihir alahiran.

Ari iboena barang geus dikantoen koe netra tèh, ngaraos keueung pisan, loenggelis di tengah leuweung, Si Wangjang geus teu aja, lèos baè angkat adjoegdjoeq ka Ki Adjar Goenoeng Pang, masrahkeun salira sedjana ngaleer tapak.

Lami ti lami djol ka Goenoeng Padang idji djadjaka noe ngalalana, rët ningali e lendjang oerang patapan, oedjoeg-ljoeg oeroej baè, heroj kabongroj koe adènokan. Nja ngendek ngiring di pondok iakoe rëk jadi Tjatrik, ari enjana mah na horèng aja noe diandjing tjai.

Doepi Nji Sepirasa mah henteu barang osèa, tina katoengkoel koe woeroek goe- djoenoen ka noe keur dimaksoed, bo- braah kana ngaberèg ngabeberah manah sh. Tina geus teu kawawa, djadjaka tèh ktja balaka ka Ki Pandita, jèn ma- ena aja harep ka istri pasantrèn tèa.

Atoeh koe Ki Adjar ditepikeun ka djinisna, sapaneda Ki Djadjaka tèa.

Nembè ajeuna Nji Sepirasa tètèla ka roepana Ki Djadjaka, bloek njaoeh kana sampèan Pandita, oendjoek oeninga jèn èta njata poetrana anoe djenengan Soewangrasa tèa.

Nanging anoe nangis koe pandita dihoeit, tina oeninga pitemaheunana lamoen ki Djadjaka ditaragal koe panghoelag. Saoer Fandita: „Enok, ajeuna mah oelah wara roesoeh geroeh, tjitjing-tjitjing baè lanan, sarta tampa heula panglamarna; karna lamoen koe Enok dipapanan koe panjambat tjara ka anak, tangtoe kabendoeng napsoena ngahoedang sipatna kasiloemanan; keun anteur sakarepna, ngan Enok koedoe mènta tandjakan, anoe moal pikadadaeun koe Soewangrasa!”

Enggalna Nji Poetri toemoet dawoch Ki Pandita, ka Djadjaka moendoet tandjakan kieu: Hadè daèk ditikah, tapi koedoe di-pangbendoengkeun Tjisanggaroeng sing makplak jadi sagara, sakalian djeung Parahoena keur lalajaran engkè dimana pangantènan, sarta soebaja ti anggalna jèn sitoe katoet parahoe koedoe anggeus sapeuting, oelah kakoeroeng koe tjaang.

Soewangrasa gijak ngadangoe pamoen- doet anoe henteu sapira, harita kènèh disanggoepan.

Reup peuting galantang Soewangrasa mapatkeun adjis-anak, pangondang para siloeman; sarta teu lami berejek siloeman toengkeb, breg ngagarap pisitoeun, mapas piparahoeeun satjagapna satjagapna, nepi ka djanari gedè geus rëk mèh rèngsè.

Nji Poetri teu ngeunah tjitjing, ningali parahoe geus ngabangoen, nangkoeb ngan kantoen malikkeun, aja sakidoeleun Tjiledoeg, sitoe ngan kari ngabendoeng, palajangan palebah Manèngtèng, keur mendetna geus sadia batoe sageèdè nanahaon, anoe katelahna ajeuna diseboet Batoeloomboeng tèa.

Enggal Sepirasa ngoemaha ka Sang Pandita, ngoendjoekkeun sitoe djeung parahoe geus deuk mèh anggeus.

Dawoohan Sang Pandita: „Hih, oelah dipakè hariwang, keun oerang tarèkahan,

kadiue baè mènta papagan ki Laban!"

Papagan ki laban dibeuweung koe Sang Pandita, seoer diboerakeun ka tabèh Wé-tan. barabaj tjahaja kingkilaban tanda beurang tèrèh datang, siga oedat sorot srangèngè meletèk.

Atoeh para siloeman anoe keur digara-rawè tèh tjoeringhak reuwas ningal sinar tjaang, dina sangkana tètèla jèn kabeu-rangan.

Atoeh teu rèa tjarita deui boeriak baè malaboer henteu nolih kana hantja atjan anggeus. Malah Radèn Sawangsara ogè tina ngaraos wirang ladjeng baè lolos madjoe ngètan tatapa di Temoe-ireng distrik Tjomal (Tegal).

Nji Poetri Sepirasa teu lami ti harita djengkar ti patapan leuleuweungan kaperna mah rèk nèangan postra soegan kapendak deui, panasaran koe ras tadi henteu koengsi pantjakaki.

Teu katjarioskeun sabaraha taoen lami-na, Sepirasa gok patepang sareng noe tas tatapa di Temoe-ireng, noe lagas menda-kan doeda, itoe imoet koering seuri, horèng ari majang kalangkangan, noe pangling di-lawan lali, moelih sareng rérèntétan.

Rangkep laki-rabina loeloes moeloes ne-pi ka poopoetra tiloe: 1 Raden Lemboe Mangoentoer, 2 Raden Lemboe Peteng, 3 Raden Lemboe Limoenan.

Dina hidji mangsa Ki Temoe-ireng moendoet dipoendajan, gèlèhè èbog kana pangkonan garwa, atoeh prak ditindesan dipèpètan, ramboet disoecaj disoegri, ari bèh ..... tjèda keloh tapak sindoek.

Njai Sepirasa ngarèndjag, reg mèpèta-nana lirèn, bari neuteup ngawaskeun pa-meunteu anoe eukeur dina pangkonan. Tètèla teu samar deui jèn postra, tapi njat-japkeun kapanasaran, mariksakeun heula ka raka, asal-asalna pang aja tjèda kitoe dina mastaka.

Atoeh galantang baè koe anoe keur di-poendajan tèh didongèngkeun.

Nji Poetri Sepirasa teu tahan, kotjèak baè nangis, ngadjerit maratan langit, mi-dangdam sasambat moendoet hampoera ka Dèwa, bari ditoengtoengan saoer: „Oe-djang, bisi teu njaho, nja ieu iboe manèh

tèh, iboe èta anoe ngetrok tèh baheula!"

Rakana hookeun teu sasaoeran.

Poetri Sepirasa kodjengkang baè nge-djat ladjeng tatapa deui di tjoeroeg Tji-poetri waloengan Tjipedes desa Bendo ajana di wates Boemi-Djawa djeung Boe-mi-Ajoe (Tegal).

Tapi samèmèh ngantoenkeun postra Nji Poetri miwoelang heula, nja èta satoe-roen-toeroenanana koedoe toemoet kana papagon ieu:

1. Lamoen rèk karijaan koedoe neundeun heula piring beunang ngawoeran koe tipoeng atawa koe leboe, toeloej roeroeb koe boèh, engkè bakal aja tapak andjing dina èta piring.
2. Lamoen rèk ngawinkeun koedoe neundeun hoeloe moending atawa hoeloe sapi dina handapeun papajon, sarta koedoe dikembangan dikoekoesan. Dimana bèsan datang, koedoe Liroe-samboet, hartina: bèsan awèwè ngalèng bèsan lalaki, bèsan lalaki ka bèsan awèwè, toeloej pakalèng-kalèng kana hoeloe moending tèa, brek koe-doe tarapak dekoe njalanghareup ka èta hoeloe moending tèa, tjong nja-rembah toedjoeh kali.
3. Lamoen kapapatènan, koedoe njién bonèka diroepakeun anoe maot tèa, didangdanan koe papakèanana diteundeun di enggon anoe maot, beurang peuting disajagian sasadžèn sangoe lalawoehna tjai asak hèrang, sanggeus 40 poè èta bonèka koedoe didoe-roek.

Saparantos Soewangrasa dikantoen koe iboena, andjeunna mah djeung postra anoe tiloe ngaralih ka dèsa Wanakalang, toeroen toemoeroen djadi oerang dèsa Kalang-wètan djeung dèsa Kalang-Koelon ajana di distrik Tjomal (Tegal).

Oerang dinja kawentar gareulis lala-kinia karasèp, ngan barètona mah nja kitoe katoeroenan loeloehoerna teu boga ka-ragab, njokotna djodo tèh teu djeung pa-milah, kadjeun indoeng kadjeun doeloe teu aja basa koemaha. Nanging saparan-tos kapandjingan agama mah robah, bë-djana.

601

Tah kitoe sasakalana. Geura mangga bandingkeun sareng Sangkoeriang di oerang, kapan sapatos naker, pada hal Bandoeng djeung Tjisanggaroeng sakitoe tebihna.

### Panaloengtik kaajaan oerang Djawa djaman koena.

Kalemesanana boedi atawa kaadabana (beschaving) oerang Djawa dina djaman koena, beda pisan atawa lain-lainna deui djeung djelema-djelema anoe njari-tjingan poelo-poelo sèdjèn di ieu kapoeloa; saksina anoe njata baè geura tètèla dina adegan-adegan patilasan, barang pakakas djeung paparabotan anoe ajeuna kapanggih oeroet baheula tèa, nja kitoe deui tina boekoe-boekoe paririmbон-paririmbон (Litteratuur) anoe diarampihan kènèh koe oerang dieu. Oerang kapoeloa lian, mah anoe ilahar diseboet oerang loear P. Djawa, tèa (kadjava oerang Soematra djeung Bali, anoe loeangna rèa sapagodosna kadjembaranana djeung oerang Djawa), ngagemna èlmoe kaindonèsan tèh ngan tepi kamangsana bangsa Walanda daratang ka dieu. Ari moenggoeh di oerang Soematra, Djawa djeung Bali èta èlmoe poesaka kaindonesian tèh kalambon koe pangaroehua èlmoe anoe lian, baba-koena pangaroeh Hindoe (Voor-Indië).

Tapi samèmèh oerang naloengtik naon pangaroeh-pangaroehna panglambon tèa, oerang merlockeun heula ngadadar boeng-keuleukanana èlmoe poesaka indonèsia sadjati; anoe goemelar samèmèh karoeng-roengan oerang Hindoe.

Karèrèanana djelema baroga pangira, jèn pribomi oerang Hindia (Indonèsi) tèh, padjar pitoein asal **bibit-boeit** oerang dieu; tapi ari saenjana èta tèh lepat, sanès kitoe satemen-tcmenna mah. Anoe ajeuna disareboet oerang Indonèsi atawa anoe ngangken djadi oerang Hindia tèh, ari saenjana mah asal boeniaga, djelema anoe ngaloembara ti Hindoe-toekang (Achter-Indië) nja èta ti Annam, Kamboja, Cochin China. Eta djelema-djelema

ti tempat-tempat anoe diseboet bieu tèa pada loenta atawa mentjar ti nagarana, ingkah ka tempat lian, paboerentjaj ka-oenggal poelo Indonèsi, sarta rèa anoe ngarendek boeboeara di dieu deui, bebenah geusanna soeka betah, toeg tepi ka kiwari. Tangtoe pisan aja ari anoe djadi marpa lantaranana mah, pang maranèhana ingkah mentjar ti nagarana tèh, tapi iraha èta tèh waktoena, moen taoen, tacen sabaraha, moen windoe windoe mana daratangna ka dieu tèh; tah èta teu atjan aja anoe netepkeun.

Noemoetkeun pamendakna Prof. Kern, hidji boedjangga anoe geus kawentar kalohoenganganana, ahli ngoelik ahli naloengtik kaajaan Djawa djaman koena, koe lantaran koe andjeunna geus di banding-bandingkeun **basana** djelema-djelema di kapoeloa Hindia (Indonèsi) djeung **basana** oerang Hindoe-Toekang (Achter-Indië) tèa, iasa èbrèh njata kaoeninga, jèn oerang dieu tèh (oerang Indonèsi) lemah-tjaina asal mah nja geus moal gagal ti Hindoe-Toekang tèa.

Nja kitoe deui koe andjeunna geus kaoëninga, kapapaj raratanana nilik tina ketjap-ketjap anoe aja dina dadasar basana oerang Indonesia tèa, tangtos oerang dieu tèh, geus ti djaman koenana moela, djaman keur aja kènèh di lemah-tjaina asal tèa, geus barisa kana padikana djeung ngokolakeunana beusi, sarta njata djadi djalma saba laoet tabah kana lalajaran. Malah roëpaning pepelakan, kajaning: **tiwoe**, **tjaoe**, **kalapa**, **awi**, **djeung parè**, èta lain loma anjar-anjar djeung oerang dieu tèh, tapi geus djadi banda ti alam koena ti alam oerang Indonèsi hiroep koemboeh kènèh baheula di lemah-tjaina tèa (di Hindoe-Poengkoer). Doepi patokan tjoektjroe-kanana Prof. Kern tina pokok ieu:

Oempama aja hidji perkara atawa naon baè anoe aja dina basa digambar koe ketjap, anoe sadjangkar ajana dina sagala roepa basa Hindia (Maleis-Polijnesiese talen), koe oerang prak diroetjat, noeroetkeun oegeran robahanana engang djeung aksara, dina èta basa-basa tèa, engkè tangtoe kaoeninga, jèn èta ketjap-ketjap tèh, lain titiron beunang toetoeroeti ti ta-

tanggana tèa, tapi pada èstoe anoena, saraea sadjangkar sarèrèa, geus aja sarta djadi basana dina alam hiroep koemboeh di lemah-tjaina tèa; sarta èta djadi tanda jèn maranèhanana, harita geus njaho kana naon-naon anoe aja ketjapna tèa, boh perkara, boh sato, boh tatangkalan atawa pakakas-pakakas noe lian, da mohal aja basana, moen teu aja woedjoed atawa atjan kanjarahoan barangna mah.

Tah ningal ka dinja oerang bisa terang jèn bangsa Indonèsi tèh, waktoena ngamimitian ngaloembara rèk boeboeara di dieu, geus pada baroga kaadaban (beschaving) bawa ti balina geusan ngadjadi tèa. Sanggeusna batjatjar di dieu, aja anoe njaliara di Soematra, aja anoe di Djawa, aja anoe di Borneo, Selebes dj. s.t., èta kaa-dabanan (beschavingna) tèa tocmoewoh-na henteu rampag, henteu saroea madjoe-na, aja anoe djembar tambah loehoeng, aja anoe keri mèrèkètètèt, noemoetkeun koe-maha kaajaanana di hidji-hidji poelo tèa, nepi ka ahirna oerang poelo ieu leuwih palinter leuwih pangabisana batan oerang poelo lian. Pisaksieun kana katrangan anoe bieu, kawasna bisa ditètèlakeun koe hal oerang Hindoe waktoe daratang ka dieu. Oerang Hindoe tèh di dieuna ngaroeroek di tempat anoe kapilih kaadabanana mingper-mingper kana kaadaban Hindoe, lain sagawajah darapon tjilè milihna geusan ngantjik tèh, da ari di nagara anoe teu mantra-mantra ka maranèhanana mah kawasna soengkan lana misanakna ka priboomi tèh.

Ka — bèh — dieunakeun bisa kata-loengtik bisa ka tjoektjroek deui pangna kaadaban Hindoe gampang nerekabna, babari njerepna sarta katadah bisa kawaduhan koe waroegana oerang Soematra Djawa djeung Bali tèh, nja èta pèdah oe-rang dinja geus kasampak djalembar kabisana, geus moeka akalna ti babaheula.

Lian ti èta geus kapapaj deui, jen oe-rang dieu tèh, geus ti djaman koena kè-nèh tararabah kana njoesoek, ketjap-ke-tjapna pikeun kana atoeran irrigatie-sijs-teem (irigasi), geus baroga geus aja anoe toelèn basana pribadi. Eta djadi tanda jèn oerang Djawa mah njahona sarta tabahna

kana njawah lain ti Hindoe, tapi geus ti béh ditoeeun alam Hindoe kènèh. Dina basa Indonèsi kapendak ketjap-ketjap ngaran roepa-roepa kapangkatan pagawè nagara baheula, anoe kapapantjènan gawè toedoeh tjangkingna hidji-hidji prijaji: èta djadi tanda jèn harita geus bisa ngaheujeuk dajeuh tararabah kana atoeran pamarèntahan nagara. Harita geus aja kota djeung nagara anoe aloes atoeranana (goed ge-ordende staat).

Anoe mimiti karoengroengan Hindoe, nja tanah Djawa beulah Koelon. Di we-wengkon Bogor di pagoenoenganana, ajeuna kapendak batoe-batoe patilasan beheula, anoe aja toelisanana aksara Pallawa, nja èta aksara Hindoe Pajoen baheula (Oud Voor-Indies schrift), malah basana ogè nja basa pamarèntahan oerang dinja deui, nja èta basa Sanskrit tèa.

Tapi ari tètèla' mah katrangan anoe aja dina toelisan èta batoe-batoe tèh, henteu deui. Anoe koe oerang kapendak di dinja, njarioskeun: Aja radja anoe kawasa djenengnan Poernawarman, njepeng karda-an Taroema (Waloengan anoe ngotjor-di èta karadjaan, tepi ka ajeuna tetep ngaranna Tjitaroem). Dina salah sawios toelisan baheula téa, kaoengel jèn Kangdjeng Radja (Poernawarman tèa) nimbalan njoesoek ngadamel irigasi; ieu djadi saksi jèn oerang Hindoe di dieuna sanès ngadon sindang geusan saheulaanan baè, tapi boeboeara ngaloembarana tèh matoeh bebetah ngagoear tanah.

Batoe-batoe anoe aja toelisan téa kapendakna sadajana tebih ti basisir di tatar darat pagoenoengan; èta ogè djadi tawis, jèn sèmah tèh karep kana ngageugeuh.

Tapi koemaha oerang bisana nangènan jèn èta batoe-batoe toelis tèh anoe pangkoenana di antara anoe aja di P. Djawa, da sadajana ogè teu aja titi-mangsana anoe koe oerang beunang ditjekel? Ari anoe djadi katrangan kana oemoerna èta toelisan dina batoe-batoe taja lian ngan ak-sarana tèa baè woengkoel, aksara Pallawa tèa.

Eta aksara dianggona di Hindoe-Pajoen beulah Kidoel djeung beulah Wétan. Oepami prak ajeuna koe oerang dibanding-

unding aksara Djawa Koelon sareng akura anoe di Hindoe-Pajoen tèa, engkè gtoe kaoeninga tina bangoenna jèn batelis anoe di Bogor tèh aksarana diggo di Hindoe Pajoen dina windoe kat sareng kalima, da liwat windoe èta h bangoen aksarana tèh geus robah. Djadi nilik tina aksara, oerang bisa stikeun, jèn oerang Hindoe daratangna Djawa Koelon, handjatna mapaj wangan-waloengan madjoe ka girang toe-boeboeara ngaradon matoeh tèh, dina doe ka opat atawa windoe ka lima tèa. Urta oerang bisa ngira jèn maranèhanana ti Hindoe beulah Kidoel-Wètan.

Vaktoe anoe ditjarioskeun bieu tèa, teroesan koe katranganana dina tjate-hidji oerang nagara Tjina anoe djeagan Fa Hien, moelih ti Hindoe mentas arah ngadjadjah karamat-karamat Boe-anoe moelihna ngaliwat heula ka Sè-sarta katambias kapaksa sindang uia ka Djawa-Koelon, lantaran kapalna taradjang toenggara, dina taoen 414. oe Fa Hien ditjarioskeun jèn oerang awa-Koelon tèh rèa anoe agama Barah-djeung rèa anoe teu atjan boga agama, abah ka kajoe ka watoe (heidenen), tapi teu aja anoe agama Boeda. Njandak katrangan ti dinja, djeung tijana batoë-batoë tèa, tètèla jèn di dieu ta geus aja oerang Hindoe (anoe ngarkeun kabarahmaan).

empama katrangan Fa Hien koe oe ditjekel, nja èta tjarita di dieu geus jampoeran Hindoe, djadi njata jèn oe Hindoe mimitina pisan daratangna ieu, tèh geus aja windoena bèh ditoe-èta, sabab moal bisa dadak-dadakan roepa kaadaban (beschaving) mah, orokna. Tapi ari pasti mah ieu tèh teu.

Adjabi ti toelisan-toelisan, di Djawa-on mah teu aja deui patilasan-patila-Hindoe anoe sanès.

Dina antawis doea tiloe windoe ti ha- (ti ngadegna mangsa toelisan tèa), aja deui tawisna anoe djadi patilasan kependak.

Euna oepama oerang ngotéktak kaa-windoe ka toedjoeh, nja èta anoe

mimiti deui aja katrangan-katrangan dina toelisan-toelisan djeung dina tjarita oetesan ti Djawa ka nagara Tjina, engkè katingali jèn kadjembaran tèh geus pindah ka Djawa-tengah, sarta teu sabaraha lamine geus ngarèrèg deui ka Djawa wétan, ari Djawa-koelon mah djep baè djempè teu aja deui tjaritana.

Naon èta tèh margina? Naha karadjaan djeung kadjembaran Djawa-koelon tèh koebra toeloej toempoer baè, atanapi naha daratang deui Hindoe anjar ti nagarana, mararag ngaradon njorok deui ka Djawa tengah, atawa soegan aja lantaran anoe sèdjèn deui?

Katrangan anoe pasti, teu aja, ngan kaoeninga tilas toemoewoehna èlmoe kahindoean di Djawa-tengah langkoeng nerekab langkoeng djembar manan di Djawa-koelon, djeung bisa katangèn jen dina windoe ka toedjoeh tèa, ngabroel deui boe-bohan Hindoe noe anjar ti nagarana.

Toelisan baheula anoe pangkolotna di Djawa tengah mah kapendak ti Tjanggal di Kedoe, titi-mangsana taoen 723 (= 654 Caka), aksarana tjara aksara Batoe-toelis Bogor nja èta aksara Pallawa tèa, ditatah dina batoe. Di dinja kaoengel jèn lemah-tjaina noe kagoengan damel di Koendjarkoendja, nja èta hidji nagara di Hindoe-Pajoen beulah Kidoel. Djadi dina batoe-toelis anoe kapendak di Djawa-tnegah ogè kaoengel jèn oerang Hindoe anoe kawasa di oerang tèh, asal ti Hindoe-Pajoen beulah Kidoel tèa.

Ari èta oerang Hindoe pang nepi ka bisa ngageugeuh di dieu, djalanna taja lian ngan tina asal dagang babakoena, nja tjara asoepna oerang Islam baè.

Moal boa ari mimitina mah oerang Hindoe djeung pitoein pribumi tèh gètrèng mindeng taroeng patjèngkadan, tapi biasa noe anjar sok ngabajahkeun, lila-lila njosok djeru djati kasilih koe djoenti, pribumi kalindih koe kahindoean. Anoe djadi babakoe lantaranana, pang kahindoean djeung kadjawaan gampang dalitna djadi panglambon, nja èta koe djalan kawin, oerang Hindoe njorok (kawin) djeung awèwè pribumi.

Lain ngan di Djawa baè oerang Hindoe

tèh harita maratoeh ngaradon ngoembarama, tapi di Bornèo di Malaka di Annam (harita Annam tèh diseboetna Tjempa) deui, sarta kapanggih patilasanana batoe toelis tjara di Bogor.

Noemoetkeun katrangan-katrangan ti bangsa Tjina, njata jèn oerang Soematra sareng oerang Bali ogè toeroenan lamboanan Hindoe, sarta radja-radja di dinja harita djenenganana koedoe baè ditoeng-toengan koe warman, nja èta ketjap anoe sok dipakè bagian ngaran, anoe sok kapendak dina djenengan para radja di beulah Kidoel Hindoe-Pajoen tèa.

Djadi koe oerang kaoeninga jèn dina windoe ka opat katjida nerekabna bangsa Hindoe tèh.

Nanging nja èta sakoemaha anoe parantos ditjarioskeun di loehoer, toemoe-woehna èta èlmoe Hindoe henteu rata, teu saroea rampagna djadina di anoe nampi; sapertos di Bornèo, djabi ti doea tiloe batoe-toelis aksara Pallawa sareng doea tiloe artja mah, teu aja deui sèsana kahindoeanana. Kawasna lantaran teu diparindo didjaroragna deui koe Hindoe anoe pandeuri, ari noe heubeul kasilep mantèn koe pitoein poesaka asal, sarta teu aja bahan geusan ngadjembarkeun nambahan kaadabanana, anoe noengtoen kana kamadjoean.

Sakitoe batjatjarna sakitoe nerekabna bangsa Hindoe tèh, tapi ari walatra mah pribomei tèh kabèh beunang di-Hindoekeun, nja hentcu. Boektina, dalah di Djawa pisan, henteu sakoeliahna djadi Djawa-Hindoe, tawisna rèa kènèh tilas brahala (wongwongan) sesembahan pitoein Djawa asli (polijnesiese beelden), paësan-paësan batoe noempoek (de hunnebed-achtige graven), goeha-goeha sareng seueur-seueur deui, tjangkaroek anoe teu kahindoekeun, agama adat baheula pisan tèa.

Dina barhala atawa wongwongan sesembahan pitoein tèa, aja anoe makè titimangsa, sarta tètèla ningal taoenna, jèn alam geus lila aja Hindoe ogè, masih kènèh baè njarieunan wongwongan sesembahan toemoet agama mèmèh Hindoe tèa.

Malah titi-mangsa dina wongwongan agama koena tèa, aja anoe koe angkakawi (angka anoe asal ti Hindoe tèa).

tètèla anoe njieunna geus kalambon koe kahindoean.

Djadi nadjan di dieu geus alam Hindoe, ari anoe njekel kapitoeinan pribomei mah, nja rèa baè, komo deui di goenoeng-goenenoeng paminggir djeung pasision mah parageuh kènèh baè kana tjètjèkelan asal tèh, da teu kahontal koe sèmah tèa.

Kapan salamina ogè anoe pangheulana keuna koe pangaroeh sèmah tèh oerang basisir di tempat anoe kadjudjo ramè dagangna.

Tah kitoe baè ngahantja ti basisir heula kahindoean tèh asoepna ka Djawa, atoeh kaaraban (kaislamah) anoe ahirna bisa ngalindih kahindoean tèa, dina wiwitinan windoe ka 15, nja sami baè djalanna mah, pada ti basisir heula madjoe nengah.

Engkè ti pengker baris diladjengkeun deui koemaha boeahna panaloengtik kaa-jaanana kaadaban (beschaving) Hindoe tjampoeran Djawa asali tèh, sakoer anoe parantos kapendak tina paririmbon-paririmbon tina koropak-koropak sareng patilasan patilasan atanapi tina artja djeung tjandi. Oentoeng pisan èta anoe kitoe tèh araja kènèh, nepi ka beunang dianggo pakakas geusan pangbabar sadjarah alam Djawa-Hindoe, koemaha kaajaan baheula pribomei Djawa dina lebet 8 windoe.

Jaktos ari rèa rèa kènèh tèa mah soela-jana pamendak para boedjangga kana pamoeka kaajaan baheula anoe saroelit, sareng aja kènèh djaman-djaman noe poèk atawa mèh samar kènèh, teu atjan kasasar kateranganana, tapi ari wintjikan galoer anoe djadi loeloegoe mah koemaha kadjuembaranana poesaka-èlmoe (Kultuur) alam Djawa-Hindoe (anoe sok diseboet alam Boeda tèa), nja geus aja bahanna teu matak poegag, beunang dipedar.

Hantja

Dr. M. Muusse.

## Toemaros.

Toemaros ka sadaja para Djoeragan anoe nembè dideuheusan koe ieu Poesaka Soenda, naha parantos diaos pioendjoek anoe kaoengel dina djilidna ieu P. S. Koe-maha kinten-kintenna?

Dina njolèdatna tèa, moegi ènggal diwangsoelkeun deui ka Salemba 28 Weltevreden.

Oepami teu diwangsoelkeun, baris ladjeng diangken ngalanggan, ipekahna f 3.— satahoen, kedah dikintoenkeun ajeuna-ajeuna. Nja kitoe deui ka sadaja langganan lami, soepados ènggal maparin pangbajoenan sakoemaha biasa tèa.

## Ngadjadjah tanah Pasoendan.

Oerang tèh djarah ka Pamidjahan parantos, mangga ajeuna mah mèmèh ka Godog oerang angkat heula ka Kandang-haoer Dramajoe, geura seueur naker anoe anèh-anèh, soegan hojong ningali adat pratingkahna oerang dinja.

Mangga. Bade didjedjeran deui koe Djoeragan A. Soewardi, sapertos ka Soekaoerip tèa?

Hih sanès! handjakal Djoeragan A. Soewardi mah keur rèpot, seueur damel, kawasna?

Koemaha tebih ti pakemitan Kandang haoer ka anoe badè ditingali tèh?

Di Pakemitan pisan; oerang ningali-keun ti Kawadanaan baè, da di aloen-aloen tingalieunana ogè .....

Tah ieu pakemitan tèh dènsana opat. Atoeh ieu kawadanaan dèsa Boelak, beulah Kalèr dèsa Panggaritan beulah Wètan dèsa Ilir, beulah Koelon dèsa Girang. Geura toeh tingali djelema-djelema tèh kabaheulaan kènèh papakèanana atoeh nja samping tinoen badjoe tinoen baè, awèwèna badjoe salontrèng tinoen anoe siga toro tèa, nanging ari anoe teu atjan boga salaki mah, baroedak parawan, teu ara dibawa

djoe salamina ogè, kitoe baè boeligir, soesoe ka mana mendi, teu èraeun teu koea teu kieu. Ari itoe anoe ngagendoek dina saboek awèwè, èta tèh tjepoek leutik. Sadajana èta tèh marawa tjepoek diselap keun dina beubeurna, kolot boedak tara tinggal, eusina lepit doea tiloe, bekelna. Ari ngomongna Soenda, tapi teu aja lemes-lemesna, tjeuk oerang mah tjothag, ka ieu ka leu ogè basa kasar baè, ka anoe djadi Wadana nja ngaing, kami baè, ari njeboetna wa atawa oea minangka hormatna; ka Tjamat: wa Sitèn; ari ka Wadana, jeuna mah geus noeroetan sèmah njeboet "bendara", tapi ditambahan kénéh baè koe oea tèa, oea bendara atawa bendara bapa.

Ketjap-ketjapna rèa anoe bènten sareng basa Soenda di tempat sanès, sapertos: tiri = endog, ka itjeu = ka dinja, kotok = hajam, beuteung ngeusi = mentas dahar, sèwèt = samping, lisoeng = losoeng, si enang = boedak lalaki, si enèng = si njai (ka boedak awèwè), sareng seueur-seueur deui.

Engkè wengi oerang ningali djaringan.

Ti awit ping 7 dongkap ka ping 17 oenggal sasis, nja èta dina mangsana keur tjaang boelan, sadaja parawan sareng djadalka toengkeb ka aloen-aloen, taboeh 9 tèh parantos nojèk sabatoerna-sabatoerna, pating rarioeng sagoendoeck-sagoedoek, aja anoe aleut-aleutan baè, awèwè pada awèwè lalaki pada lalaki rioenganana, saroeikansoekan ararotèl sempal goejon, parawan djeung djadjaka tèa, silih tepak silih towèl, silih tjiwit silih djembèl, silih kennjang silih oedag, roepa-roepa tingkat pamolahna tèh. Kinten-kinten taboeh 11 wengi, boeriak baè boedal baralik ka saimah-imahna, teu aja anoe tinggal sapotong-potong atjan.

Atoeh peuting isoekna der deui baè tjarra tadi, èta mah dongkap ka ping 17 tèa, teu aja pisan towongna ramè baè nadjan teu ara aja tatanggapan ogè. Ari èta datangna kana djaringan tèh dititah koe kolot, dikoedoekun malah, teu njaho oesoem tjaah teu njaho naon, dibèlaan paparahoean, bawaning koe merloekeun, karepna lain laladjo da teu aja tatanggapan teu aja naon, nja èta nèangan pidjodoeun.

Baroedak awèwè tèh ti mentès soesoe oemoer 11 atawa 12 taoen, geus dikoedoekun koe indoeng bapana miloe djaringan, dina oenggal peutingan tjaang boelan tèa, nepi ka pinanggih djodona. Lamoen atjan meunang mah teu aja lirènna teras baè.

Tapi da teu matak ngaroegikeun ka kolotna, lantaran daratangna kana djaringan tèh, henteu ara disalin-salin atjan, ieu mah sahinasa baè, papakèan atoeh oeroet tadi ti beurangna tèa, tara ngadadak moelas manèh, pakepoek nèmbok koe wedak, èstoe satjèrèwèlèna pisan, sanès tjara oe-soem ngaben koeda di Bandoeng, rèa noe aloes koe poelas. Lamoen aja anoe makè datangna, tara aja anoe miroseña, tara didareukeutan, malah diparajok: „Baoe Djawa”, tjenah.

Eta baroedak parawan peuting-peuting ngentjar ti imah, dioembar tjampoer djeung pihamaeunana, teu pikarèmpaneun teu pisan matak salempang teu aja pikahariwangeunana moenggoeh oerang dinja mah, nja èta tina pageuh njekelna kaper-tjajaan, jèn djadjaka teu meunang gaganaga ngarinah milampah salah; lamoen aja anoe wani ngarempak larangan, nintjak djalan karoetjahan, tan wandè keuna soepata, kabèh pada anteb pertjajana, jèn baloekarna lampah salah tèa, sok doemadak parawanna djadi bagong, atawa ki djadjaka djadi ngeukeupan paësan. Hatè anoe djadi kolot, pertjaja henteu aja tjangtjajana, da maranèhna pribadi bahuela geus ngalaman henteu ara ngarempak tjemahan tèa. Hariwang sotèh horèng oerang mah pèdah njaho jèn aing ogè geus serong.

Para djadjaka anoe daratang ka dinja tèh anoe niat nèangan pidjodoeun baè, sarta anoe geus boga oentoepan geusan maradahna.

Sadjeroning otèl bari silih toèl silih djembèl tèa, anoe lalaki teu welèh ngileng mana anoe pisoeroepeun kana leleboetanana, atoeh awèwè nja kitoe kènèh. Ngeunteupkeunana pamilih teu goeroeng-goesoh, mimitina mah anggeus koe kantanana didokankeun baè, ngan lamoen geus lila, geus asak paningalna, kakara didjaring, hartina: dieurad si awèwè tèh koe karèm-

bong. Barang kerewèd kek baè ditjekel. Lamoen Nji Parawan teu ngagoerindjal, teu leupas koe pangroengkoep tèa, èta tanda poeroen; tapi lamoen djadjaka salah idjrahan, nji landjang boga tingal ka noe lian, nja geuwat dikèpèskueun deui.

Oepama ngaroengkoepna kabiroejongan koe nji parawan, nja sok ditanja heula koe lalaki poeroen henteuna. Tèmbal awèwè: „Ngaing mah koemaha bapa baè!” Nji parawan engkè balikna dianterkeun koe djadjaka tèa, sarta ari datang ka imah pimitohaeun, atoeh nji landjang mah boes baè ka imah, sémah mah ditemonan koe kolotna.

Koe indoeng bapa awèwè anoe boga karrep tèh ditalèk heula, pisanggoepeun henteuna maradah rabi. Biasana ditanja: Geus boga sawah sabaraha bahoe, boga djoekoeng sabaraha, boga doeit sabaraha.

Sanggeus asak soebaja harita geus djadi bènè-beureuhna (papatjangan), isoekna kolot awèwè boeroe-boeroe ngadangdanan lisoeng, dikarèmbongan dikembangan dirampèan, minangka tanda geus aja noe njangtjang mantjoeh anakna, ngabèdjaan ka tatangga-tatanggana.

Nji parawan angger baè ari peuting mah miloe djaringan, ngan ajeuna mah otèlna sempal goejonna, silih oedag silih peupeuhna tèh ngan djeung papatjanganana tèa baè. Lamina papatjangan kitoe, aja anoe dongkap ka sataoen tapolana mah, aja deui anoe lima genep sasih. Sadjero papatjangan, lalakina koekoempool piwaragadeun nikah.

#### Prak-prakanana nikah.

Babakoena oesoem nikahkeun dina sasih Sawal, Hapit, Rajagoeng, aja ogè anoe dina Moeharam. Oenggal anoe kawin koe-doe baè makè iring-iringan diarak di pakemitan; wiwirang teu aja hinggana lamoen kawinan henteu makè iring-iringan tèh. Oepami pangantèn lalakina geus kolot, ngarasa èra, nja koedoe wakil, da ngarak mah koedoe, nja èta ngadangdanan djadjaka sèdjèn sabiasa pangantèn, toe-loej dirèndèngkeun djeung pangantèn awèwè, breng diarak.

Nikah dirapalanana di masigit. Pangantèn lalaki didangdanan: Badjoe bongkèk

hideung anoe didjepit koe pasmèn, samping songkèt soetra, dikeloek, makè keiris doea anoe hidji disorèn, anoe hidji deui disorèndang, saloearéun badjoe hideung tèa makè badjoe taratè, dikongkorong dinar, makè disalindang tjarètjèt beureum anoe digagantèlan koe 2 tjepoek wadah lepit tèa, disampajkeun kana taktna, beungeutna konèng koe atal. Djoeng ka masigit dipajoengan sérét.

Tapi èta pangantèn tèh lain pangheulana leumpangna, ari anoe pangheulana mah anoe djadi wali, dipajoengan didang-danan deui. Ari dangdananana anèh, sirahna dipapaèsan koe majang djambè, daoen poering djeung kembang wèra, la moen pangantèn awèwè parawan.

Balik ti masjid pangantèn lalaki dipapag koe pangantèn awèwè, geuwat indoeng soekoe lalaki digesek koe karèmbong awèwè, ari sabot kitoe lalaki njaboet boe-ook awèwè salambar.

Pangantèn awèwè ogè beunang ngadanganan, makè siger, makè rembjong-rembjong moetè djeung gedah, samping songkèt, badjoe rènda bodas, kilat bahoe, kongkorong djeung kangkaloeng.

Brak hadjat ngarioeng, tapi koedoe baè ngaheulakeun dahar angeun samakbroek, anoe diangeunna taleus, ditjampoer moeroetjoe (tjaoe manggala ngora) makè laoek tjai saeutik. Ieu tèh teu meunang euweuh, djadi poko anoe djadi toembal.

Sorèna koedoe diarak tèa. Papakéan pangantèn lalaki diganti: Dibadjoe kaos, makè kilat bahoe, makè keloek, ditjalana hideung djepit pasmèn, ditaroempak. Ari awèwè mah tjara tadi baè.

Gèk dirèndèngkeun djeung pangantèn awèwè dina bèndi atawa karèta sèwa, bring iring-iringan. Satoekangeun bèndi pangantèn, diiring koe „*kasinoman*” diseboetna, nja èta awèwè--awèwè landjang djeung randa aja lawèna, tampolana leuwih beunang maridang, sirahna pinoeh koe kembang, pinoeh anoe tepi ka njamboeang tèa, digeloeng malang kabèh, sarta marakè karèmbong, parawan ogè ajeuna mah dibaradjoe.

Kasinoman tèa dihapit koe bandèra, ditèma koe gotongan pèlog, ajeuh-ajeuhan

ngoeriling ka aloen-aloen, koedoe baè njimpang heula ka kawadanaan, „ngem-bang” tjenah.

Tapi lamoen anoe kawin tèa toeroenan atawa baraja koewoe Boelak djeung koe-woe Ilir, aja tambahna diseboetna: „ngem-bang polèng”.

Nja èta dina diarakna pangantèn koedoe marakè samping polèng. Pangantèn awèwè makè apok, dibeubeur soesoe koe soetra tjindè, geloeng njamboeang koe kembang.

Anoe djadi *kasinoman* kabèh koedoe disamping polèng deui, mimiti Nji Koewoe ditèma koe pamadjikan parèntah dèsa sèdjèn teroes ngantaj tjara noe oraj-orajan lain ngabroel tjara *kasinoman* biasa, aja kana opat-lima poeloehna awèwè beunang maridang sataker tanaga, saaja-aaja dipakè, nini-nini ogè digeulang dikong-korong poegoeh deui ari ali mah reun-jeum, teu aja ketjap beberendjèn di dinja mah, kabèh ditioeng koe karèmbong anoe sapotong disalindangkeun Sapandeurién awèwè ditèma koe lalaki, nja èta pangheulana Koewoe noengtoeroen tjara atoeran awèwè tèa ngantaj deui, ngan badjoena ieu mah diaertoer.

Djeung koedoe baè makè roepa-roepa boebocronan oeoentjalan, koekoedaan, moemoendingan gaganti djampaña keur ngagotang boedak soenat, aja gotongan djampaña anoe eusina toempeng djeung doewegian.

Bebegig djeung badawang tara tinggal, sarta saheulaeun iringan tèa koedoe makè lawè rontèk.

Ngarakna ngoerilingan aloen-aloen, sanggeus meunang tiloe koeriling sindang ka kawadanan ngadon narongton topèng, beunang ngahadja teundeun maranèhana-na, lain tanggap noe djadi wadana. Engkè dimana geus reureuh breng ngarak deui ngoerilingan aloen-aloen opat koebengan deui, da koedoe djedjeg toedjoeh koeriling.

Ti dinja mah toeloej maroelang baè.

Ari ngondangna ka baraja-barajana atanapi ka kawawoehan-kawawoehanana ana arèk kariaan tèh, sanès koe serat tjara di oerang, tapi tjara balangan di Banten, ngan ari di Banten mah kènging

koe naon baè, aja koe tjarètjèt aja koe soeroetoe, doepi di Kandang-haoer toekoeoh kedah koe dodol sakeureut. Saha-saha anoe nampi dodol, èta tawis diondang, oe-rang kedah njamboengan.

## Baheula.

Oerang njorèang ka toekang, njaba ka alam baheula, mapaj raratan sadjarah djeung babad pamanggih oerang Portegis. Teu ara aja sotèh anoe ngandjang ka pagèto, ari anoe mapaj lampah anoe geus kasorang mah biasa, nadjan di Soenda teu rèa ringkoekna ogè bedja warisan karoe-hoen, ari djalan mah kapan teu tepi ka matak loepoet. Kaajaan tanah Soenda alam baheula, djaman ngadeg karadjaan sorangan, tjaritaanana oerang bisa moe-poeri ti oerang Portegis tåa.

Kieu kinten-kinten oengelna:

Dina sangka oerang Portegis baheula mah, Soenda djeung Djawa tèh misah poelo. Poelo Soenda leuwih loba goenoengna tinimbang Djawa. Dina taoen 1511 oerang Portegis geus loma djeung Sang Hijang Radja Soenda, lalangganan dagang hasil boemi. Palaboeanana tanah Soenda tèh aja genep, nja èta: 1. Chiamo (meureun pikarepeunana mah Tjimanoek), 2 Xacatra atawa Caravam (meureun Kalapa maksoedna) 3. Tangaram (Tangerang), 4. Chequide (moal boa Tjikande maksoedna), 5 Pondang (Pontang), 6. Bantam. Nagarana diseboetna Daio (Maroekan ketjap Dajeuh tèh ngaran nagara), rada djaoeh ti laoet. Waktoe toean Henrique Leme datang ka Dajeuh, èta nagara harita tjatjah djiwana, tjeuk anoe terang, aja 50 rèboe djelema, sarta boga djiwa anoe djadi perdjoerit rèana 100 reboe (honderd duizend man krijgsvolk). Ngoeranganana perdjoerit djeung djiwana koe lantaran perang djeung oerang Arab (Islam).

Tanah Soenda èstoe moerah sandang moerah pangan, soegema hiroepna ngeunah. Djelemana lain anoe telenges kaseng-srem koe hajang perang, tapi sadrah soemerah kana kawasana Déwa, soemoedjoed ka sesembahanana, miboga tjandi djeung artja. Oerang Soenda njatroe ngamoeshoe ka bangsa Arab, soemawonna sanggeus kapaksa koedoe taloek ka Pangue de Pate de Dama (Kawasna baè maksoedna rèk njeboet Sang Adi Pati Demak) mah. Harita ilahar kènèh dagang (djoeal-meuli djelema, malah dina oendang-oendangna diwenangkeun bapa ngadjoeal anak. Awèwèna oerang Soenda tèh gareulis, komo bangsa istri-istri toeroenan mènakna mah, eukeur gareulis tèh toe-roeg-toeroeg djeung balersèkan deui. Harita di dajeuh Soenda geus aja Biara (Kloosters voor vrouwen). Nja èta minangka pondok pasantrièn anoe ngawoengkoel pikeun awèwè anoe soemoedjoed kana agama. Di Biara tèh katingalna dipakè ngomè kageulisan deui, djeung ongkok djadi kahormatan, lain woengkoel toemoet kana papagon agama baè. Poetra-poetra mènak anoe istri, lamoen henteu kersa ditikahkeun, nja lebet ka Biara tèa deui. Oempama aja istri anoe ditilar poepoes koe tjarogè, rèa anoe bèla pati miloe sareng poepoes na rakana, èta djadi kahormatan gedè pisan. Anoe gimir koe pati, oepama ditinggal koe tjarogè tèh, timimbang rarandaan di loear mah, nja lalebet ka Biara tèa.

Lalakina raresep kana ngomè djeung marakè pakarang anoe araloës, djadi kagindingan, djadi kamegahan.

Dina taoen 1522 Goepernoer Malaka, toean Jorge d'Alboquerque geus ngoetoes toean Henrique Leme njanggakeun pangbakti roepi-roepi barang ka Radja Soenda, anoe djenengan Samiam (ari maroekanna Sang Hijang tèh djenengan, meureun).

Aja Samboengannana.





KANDJENG DALAM HADJI MOHARAM  
(R. A. A. WIRANATA KOESOEMA)

foto de a° L. Juli 1926.

410